



Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AP OGMANTE SEKIRITE NAN PWEN ENFRASTRIKTI NEW YORK KI ENPÒTAN ANPIL YO APRE YON FIZIYAD NAN PEYI OLAND

“Fiziyad òrib nan yon ti tren nan vil Utrecht se yon lòt mak sou nanm moun nan mond sa a, epi se yon deklarasyon laperèz ak anksyete ke moun santi fas a divizyon ak layèn. Mwen voye panse mwen bay viktim yo ak moun yo renmen yo, epi moun New York yo kanpe bò kote moun Oland yo ansanm ak tout alye nou yo kont layèn, efwa ak vyolans sou tout fòm yo.

Nan New York, sekirite kominote a se priyorite nimewo en nou. Pami yon ansanm prekosyon, mwen te pase ofisye fòs lapolis yo nan eta a enstwiksyon pou yo ogmante nivo sekirite nan zòn ki atire anpil atansyon yo toupatou nan Eta a, ki gen pami yo ayewopò nou yo, estasyon tren nou yo, pon nou yo, tinèl nou yo ak sistèm transpò masif nou yo. Nou pral pran tout prekosyon ki nesèsè yo pou asire serenite ak sekirite moun New York yo”.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)